



AKADEMI KREYÒL AYISYEN

2014 - 2024



AVI REKRITMAN

Tit pòs la: Direktè Kominikasyon

Enstitisyon : Akademi Kreyòl Ayisyen

Dat limit validite : 29 septanm 2025

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) se yon Enstitisyon Leta endepandan ki genyen misyon pou li:

- fè pwomosyon pou lang kreyòl, an patikilye lang kreyòl ayisyen, toupatou nan peyi a epi nan diaspora ayisyen an ;
- devlope zouti ak enstriman estandadizasyon pou lang kreyòl ayisyen an, bay lang la estati ak prestij li merite nan sosyete a ;
- travay pou dwa lengwistik pèp ayisyen an respekte toupatou nan peyi a.

Biwo prensipal AKA tabli nan Pòtoprens men aksyon ak aktivite li yo touche tout peyi a epi dyaspora ayisyen an.

AKA ap chèche yon Direktè Kominikasyon (fanm oswa gason). Objektif prensipal pòs la se: anchaje epi enplemante pwogram kominikasyon Akademi an ; patisipe nan definisyon estrateji kominikasyon yo ak chwa entèvansyon priyorite yo ; idantifye nouvo opòtinite pwojè kominikasyon pou Akademi an; patisipe nan elaborasyon ak reyalizasyon pwojè sa yo.

Prensipal travay Direktè Kominikasyon an :

- Anba sipèvizyon Sekretè Egzekitif la (SE) epi avèk kolaborasyon ekip Direksyon Kominikasyon an (DK), Direktè Kominikasyon an responsab pou li kreye, pwomouvwa epi reyalize aktivite kominikasyon inovan pou pèmèt popilasyon an konnen tout travay AKA ap fè nan peyi a ak nan dyaspora a ;
- Patisipe nan reyinyon avèk Sekretè Egzekitif la epi Konsèy Administrasyon an sou pwogram, pwojè ak estrateji kominikasyon pou AKA ;
- Defini epi pwopoze yon plan anyèl pou Direksyon Kominikasyon an nan respè prensip enstitisyon an, epi nan lespri oryantasyon estratejik Komisyon Kominikasyon an;
- Asire redaksyon rapò naratif pou tout aktivite kominikasyon ki reyalize, epi rapò anyèl DK a, avèk kolaborasyon ekip kominikasyon an ;
- Sipèvize travay ekip kominikasyon an, sipèvize reyalizasyon pwojè ak aktivite kominikasyon yo ;

- Kòdone reyalizasyon tout travay pwodiksyon Akademi an;
- Asire devlopman relasyon enstitisyonèl ant AKA avèk medya yo;

Pwofil kandida a

- Fòmasyon inivèsité (nivo metriz pou pi piti) nan domèn kominikasyon an patikilye, syans sosyal an jeneral ;
- Metriz lang kreyòl ayisyen an nan pi wo nivo kominikasyon fòmèl, ni aloral, ni alekri, metriz de (2) lang etranje pou pi piti omwens nan nivo entèmedyè ;
- Genyen senk (5) an eksperyans pou piti nan domèn kominikasyon ak jesyon moun ;
- Genyen kapasite pou egzèse lidèship pozitif ak travay sou presyon.

Kijan kandida a kapab aplike:

Voye yon CV ajou, kopi diplòm ak atestasyon, yon lèt motivasyon, yon lèt rekòmandasyon ak de (2) foto idantite resan nan adrès imel Akademi an enfomasyon@akademikreyol.net pou pita 29 septanm 2025, oswa pase depoze dosye kandidati a nan lokal **AKA ki nan 20, Ri Avni Lamartinière (Bwa Vèna)**. li kapab vizite sit Akademi an: <https://www.akademikreyol.net>. Pou plis detay li ka telefòn: 509 3333-0815 / 3333-0816.

(+509) 3333-0815 / 3333-0816 | enfomasyon@akademikreyol.net
[www.https: www.akademikreyol.net](https://www.akademikreyol.net)



20, Avni Lamartinière, Bwa Vèna, HT 6116, Pòtoprens, Ayiti